

Lopital UMass Memorial DCU Center Field: Yon pati enpòtan nan tretman COVID-19 ou an.

Nan moman kote anpil bagay diferan, kèk bagay ta dwe rete menm jan an. Swen medikal eksepsyonèl yo bay nan UMass Memorial Medical Center se youn nan konstant sa yo ou ka konte sou yo kèlkeswa pwoblèm sante w lan, nan ki kanpis ou ye oswa ki objektif byennèt pèsyonèl ou.

Yon fason pou asire nou ka trete tout pasyan nou yo, nou te elaji kapasite nou pandan pandemi COVID-19 la nan louvri Lopital UMass Memorial DCU Center Field la. Li se yon etablisman trè modèn ki se yon egzanzp pi bon pratik atravè peyi a depi lè li te premye louvri nan dat 9 avril.

Lopital UMass Memorial DCU Center Field la resevwa pasyan tankou w y ap trete pou COVID-19 kote eta sante yo ap amelyore. Transfere pasyan ki estab yo nan Lopital UMass Memorial DCU Center Field la pandan pandemi an se yon fason enpòtan pou lopital yo asire tout pasyan yo jwenn aksè nan nivo swen klinik yo bezwen yo.



Nou vle w konnen kèk bagay enpòtan sou Lopital UMass Memorial DCU Center Field:



1. Swen medikal ou resevwa nan Lopital UMass Memorial DCU Center Field la ap menm ak swen ou ta ka resevwa nan nenpòt lòt kanpis UMass Memorial Medical Center.

Nou te veve pou n asire nou tout terapi ki disponib nan Inivèsite nou yo ak kanpis Memorial yo disponib tou nan Lopital UMass Memorial DCU Center Field. P ap gen okenn chanjman nan kalite oswa entansite swen w lan. P ap gen okenn chanjman nan kalite oswa entansite swen w lan.

2. Anviwònman inik nou an pèmèt piplismobilite, fleksibilite ak konfò pasyan an.

Nan Lopital UMass Memorial DCU Sant Field, pandan chak pasyan gen yon zòn swen prive, pasyan yo ka deplase alantou soti deyò nan chanm yo a epi pwofite salon pasyan nou an ak senp libète pou fè yon ti mache. Nou gen yon salon pasyan ki byen meble ak opsyon televizyon bon kalite. Tout pasyan yo gen yon iPad pou itilize entènèt la, gade televizyon epi fè apèl videyo ak fanmi yo.

Nou bay terapi fizik wo nivo ak ekipman egzèsis pou fè w refè pi vit.

3. Sèl objektif nou nan Lopital UMass Memorial DCU Center Field se swen COVID-19.

Anplwaye nou yo nan Lopital UMass Memorial DCU Center Field pran swen pasyan COVID-19 yo tout lajounen, chak jou. Pasyan nou yo jwenn atansyon yo bezwen nan men ekip enfimye nou yo, doktè yo, moun ki fè terapi respiratwa yo, travayè sosyal yo, moun ki fè terapi fizik ak ègoterapi ak asistan swen pèsònèl (personal care attendants, PCAs). Moun k ap bay swen sa yo, ansanm ak anpil lòt moun, te chwazi pou yo travay isit la epi fè pati repons kont COVID-19 la akòz pasyon yo pou swen pasyan yo.



Nan UMass Memorial Medical Center, n ap travay san rete pou asire nou ou resevwa pi bon swen posib kont COVID-19. Lopital UMass Memorial DCU Center Field la se yon pati kle nan tretman COVID-19 ou a ak yon pati enpòtan nan asire nou ka ofri swen COVID-19 pou tout moun ki nan kominote nou an ki bezwen li.

Nou pa ka tann pou n akeyi ou nan Lopital UMass Memorial DCU Sant Field la pandan ou kontinye refè kont COVID-19 la.

“Fanmi m ak mwen pa ka remèsye nou tout ase pou bèl swen mwen te resevwa nan Lopital DCU Center Field la. Nou tout — enfimye, PCA yo, moun ki fè terapi respiratwa, doktè, etidyan medsin, ekipaj netwayaj ak nenpòt lòt moun mwen ta ka bliye — te travay nan yon anviwònman difisil ... avèk konpetans ak konpasyon. M ap toujou rekonesan, epi nou swete w ak fanmi w tout bon bagay yo nan sezon fèt sa a.”

– *Yon Pasyan Rekonesan*